



GREATER NEW BEDFORD REGIONAL VOCATIONAL TECHNICAL HIGH SCHOOL

1121 Ashley Boulevard, New Bedford, MA 02745-2496

Tel. 508-998-3321 Fax 508-995-7268 www.gnbvt.edu

Preparasyon • Pasyon • Pèseverans

POLITIK ADMISYON

Entwodiksyon

Règleman eta Massachusetts (603 CMR 4.00) egzije tout pwogram edikasyon teknik pwofesyonèl (lekòl edikasyon teknik pwofesyonèl ak pwogram edikasyon teknik pwofesyonèl oswa nan lekòl segondè piblik yo) eta finanse pou yo devlope epi aplike règleman admisyon ki respekte lwa eta ak lwa federal, ansanm ak direktiv ki gen rapò ak yo Depatman Edikasyon Primè ak Segondè Massachusetts ak Ministè Edikasyon Etazini bay yo.

I. Admisyon

Lekòl ak pwogram edikasyon teknik pwofesyonèl yo fèt epi yo ekipe pou sèvi yon kantite maksimòm elèv espesifik san danje. Lè Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School resevwa plis aplikasyon pase plas li genyen ki disponib, se yon konbinezon yon tiraj ak kritè seleksyon ki pral detèmine ki elèv yo pral aksepte. Komite lekòl la apwouve kritè pou Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School, epi komite lekòl la apwouve itilizasyon kritè yo chak ane. Politik admisyon Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School nan dosye Depatman Edikasyon Primè ak Segondè.

Yo evalue kandida ki nan klas nevyèm ane jiska douzyèm ane nan Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School selon pwosedi ak kritè ki nan Politik Admisyon sa a.

II. Deklarasyon sou Divèsite, Ekite ak Enklizyon ak Opòtinite pou Edikasyon Egal

Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School ankouraje yon anviwònman enklizyon ki bay divèsite nan kominote lekòl nou an valè epi ki respekte diferans chak moun. Yo apresye, selebre, epi trete chak moun yon fason ki jis. Objekfif nou se ankouraje yon dyalòg ki favorab pou aprantisaj, akseptasyon, ak anrichisman kiltirèl. GNB Voc-Tech fè pwomosyon pou angajman li nan divèsite, ekite ak enklizyon atravè diskisyon, edikasyon, ak pwomosyon nan yon anviwònman ki ankouraje aprantisaj, ak respè pou divès kote moun soti ak opinyon pou prepare elèv yo pou lavi nan yon sosyete miltikiltirèl.

Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School aksepte elèv epi li mete disponib pou yo avantaj ak pwogram etid li yo kèlkeswa ras, koulè, peyi kote yo soti, sèks, relijyon, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, andikap, oswa sityasyon lojman yo.

Si se pa anglè ki lang prensipal yon elèv, yo ka tradui pwosesis aplikasyon sou entènèt Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School la atravè Go2CTE la nan plizyè lang oswa Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School ap fè tout efò posib pou bay yon fòm aplikasyon nan lang elèv la pale lakay li. Elèv ak fanmi yo ka kontakte Biwo Admisyon Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School nan nimewo (508) 998-332 Ekstansyon 740 si yo gen kesyon oswa si gen moun ki bezwen asistans pou ranpli aplikasyon an.

Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School angaje l pou l ofri opòtinite edikasyon pou elèv ki sanzabri yo. Elèv ak/oswa fanmi ki sanzabri epi ki ka bezwen asistans konsènan pwosesis admisyon an, tanpri kontakte ajan kontak Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School nan nimewo 508-998-3321 Ekstansyon 700.

Elèv ki genyen andikap ak Elèv k ap Aprann Lang Anglè yo ka idantifye tèt yo volontèman bay Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School yon fason pou yo mande aranjman ki rezonab pandan y ap ranpli aplikasyon an ak pwosesis admisyon an. Enfòmasyon elèv ki genyen konpetans limite nan anglè ak/oswa elèv ki genyen andikap yo bay volontèman yon fason pou yo resevwa asistans ak aranjman pandan tout aplikasyon an ak pwosesis admisyon an, pa pral afekte admisyon yo nan lekòl la.

Selon règleman Massachusetts yo, Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School te kreye yon plan "*strateji espesifik toutespre pou ankouraje opòtinite edikasyon egal epi atire, enskri, epi kenbe yon popilasyon elèv ki genyen yon pwofil akademik ak demografik ki sanble lè yo konpare ak elèv ki nan menm klas nan distrik ki voye yo.*" Chak ane Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School fè sa a ki annapre yo:

- 1. Fè kanpay kominotè nan kominote ki voye elèv ban nou yo, kote fanmi yo santi yo pi alèz, yon fason pou edike moun ki abite nan kominote sa yo sou opòtinite ak òf yo nan Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School epi ede elèv/fanmi ranpli pwosesis aplikasyon an.**
 - a. Òganize Pòt Ouvè Chak Ane distri a epi bay estaf ki pale plizyè lang pou ede moun ranpli aplikasyon an dirèkteman.
 - a. Òganize 'Application Nights'(Sware Aplikasyon) nan GNBVT epi bay estaf ki pale plizyè lang pou ede moun ranpli aplikasyon an dirèkteman.
 - c. Asiste sware 'Choose Your High School' (Chwazi Lekòl Segondè Pa W) nan lekòl entèmedyè ak lekòl segondè lokal yo, sou envitasyon jan règleman yo mande sa a epi bay prezantasyon sou edikasyon nan lekòl ki voye elèv yo.
 - d. Òganize vizit endividyèl ak vizit gwoup nan Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School.
 - e. Travay an kolaborasyon pou bay edikasyon ak asistans atravè patenarya ak ajans ak òganizasyon kominotè yo.

f. Ogmante maketing ak vizibilite atravè medya sosyal, radyo, televizyon, ak materyèl enfòmasyon yo mete yon fason estratejik.

2. Amelyore idantifikasyon ak sipò pou elèv/fanmi ki bezwen asistans nan pwosesis aplikasyon an akòz baryè lang yo.

- a. Go2CTE gen ladan kesyon aplikasyon anplis pou ede distri yo idantifye elèv/fanmi premye lang yo pa anglè epi ki ka bezwen èd nan pwosesis aplikasyon an.
- b. Platfòm admisyon Go2CTE a gen ladan yon ikòn 'Language Translation'(Tradiksyon Lang) ki byen parèt nan premye paj la pou elèv/fanmi yo tradui aplikasyon an nan nenpòt lang.

3. Kolabore ak lekòl entèmedyè ki voye elèv ban nou yo pou amelyore konesans yo ak konpreyansyon yo sou pwosesis admisyon an ak pwogram edikasyon (akademik ak edikasyon teknik pwofesyonèl oswa pou karyè) ak atant yo.

- a. Òganize yon Dejene Admisyon nan Lekòl Entèmedyè chak ane pou reprezantan lekòl ki voye elèv yo (sètadi, Konseye Pedagojik yo).
- b. Ofri vizit pou elèv, fanmi ak estaf ki soti nan twa distri ki voye elèv ban nou yo.
- c. Ofri asistans teknik bay distri lekòl ki voye elèv ban nou yo sou fason pou yo itilize platfòm admisyon Go2CTE a.

4. Adapte kritè admisyon yo ak ribrik nòt la pou garanti itilizasyon nenpòt kritè sa yo pa genyen efè eksklizyon yon fason ki pa ekilibre sou moun akòz ras, koulè, peyi kote yo soti, sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, relijyon oswa andikap espesyal moun nan (pi souvan yo rele sa a yon "efè diferans"); sof si kritè yo demontre (1) yo te valide kritè sa yo kòm kritè ki esansyèl pou yon moun patisipe nan pwogram pwofesyonèl yo; epi (2) lòt kritè ki valab menm jan ki pa genyen yon efè negatif dezekilibre pa disponib.

- a. Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School revize done Admisyon yo chak ane pou enfliyanse desizyon pou rekòmandasyon revizyon nan lavni nan kritè ki nan politik Admisyon an.
- b. Kenbe yon Komite Admisyon toutan pou revize politik admisyon an ak done ki soti soti nan admisyon yo pou rekòmande nenpòt revizyon ki nesèsè bay komite lekòl la.

III. Kalifikasyon

Nenpòt elèv ki pral nan klas wityèm, nevyèm, dizyèm oswa onzyèm ane ki abite nan distri (New Bedford, Dartmouth, oswa Fairhaven) ka aplike pou admisyon nan Greater New Bedford Regional.

Lekòl Segondè Teknik Pwofesyonèl. Yo ka aksepte elèv nan Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School sèlman si yo te admi nan klas y ap chèche pou yo antre a. **Remak: Akseptasyon elèv la depann sou si elèv la admi nan klas siperyè, li kenbe estati prezans, ak chanjman nan dosye disiplin li. Yo ka anile akseptasyon elèv la si li pa satisfè kritè kalifikasyon yo.**

Yo dwe aksepte elèv rezidan ki ranpli kondisyon minimòm pou admisyon yo anvan yo aksepte nenpòt elèv ki pa rezidan k ap chèche admisyon. Yo pral konsidere elèv ki ranpli aplikasyon pou admisyon an kòm rezidan nan yon kominote ki voye elèv men Lwa Asistans pou Sanzabri McKinney-Vento a ak Lwa Chak Elèv Reyisi (Every Students Succeeds Act, ESSA) a pwoteje kòm elèv rezidan.

Elèv ki transfere soti nan pwogram Chapit 74 eta a apwouve ki demenaje pou vini abite nan distri a kalifye pou aplike pou admisyon otòn nan oswa pou admisyon pandan ane lekòl la nan klas 10yèm rive 12yèm ane epi **yo pral evalye yo selon kritè ki nan Politik Admisyon sa a. Yo pral mete elèv yo nan yon pwogram lekòl edikasyon teknik pwofesyonèl oswa pou karyè si genyen plas disponib nan filyè sa a.**

Elèv Ki Pa Rezidan yo

Elèv ki pa abite nan New Bedford, Dartmouth, oswa Fairhaven kalifye pou aplike pou admisyon nan Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School. Tanpri sonje y ap apsepte moun ki abite nan zòn Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School ki satisfè egzijans minimòm yo anvan nenpòt moun ki pa rezidan k ap chèche antre nan menm pwogram nan. Elèv ak fanmi yo ka jwenn enfòmasyon sou [Pwogram Ekolaj pou Elèv ki pa Rezidan Chapit 74](#) la sou Entènèt.

Chwa Lekòl

Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School pa patisipe nan pwogram chwa lekòl entè-distri a. Pwogram chwa lekòl entè-distri a, [M.G.L. c. 76, § 12B](#), pèmèt paran/responsab legal yo voye pitit yo lekòl ki nan lòt kominote ki pa vil oswa vilaj kote yo abite a. Komite Distri Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School vote chak ane sou si yo dwe patisipe oswa si yo pa dwe patisipe nan Pwogram Chwa Lekòl la.

Elèv ki Sanzabri

Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School ap aksepte elèv ki sanzabri selon Lwa McKinney-Vento dapre kritè seleksyon ki nan

Politik Admisyon Elèv. Lè yo aksepte elèv la nan Greater New Bedford Regional Vocational Technical High, distri a ap enskri elèv la touswit, menm si yo pa genyen dokiman ki nesèsè yo ak/oswa prèv rezidans yo. ***Si enskripsyon konplè nan klas k ap vini an, y ap mete elèv la sou lis datant lan.***

Elèv K ap Viv Nan Fanmi Akèy

Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School ap aksepte elèv k ap viv nan fanmi akèy selon kritè seleksyon ki nan Politik Admisyon Elèv sa a. Yon fwa yo aksepte elèv la epi yo enskri l, kèlkeswa kote plasman an ye nan fanmi akèy la, elèv ki nan fanmi akèy yo ap kontinye ale nan lekòl kote yo soti a (Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School), sof si apre yon pwosesis pou pran desizyon an kolaborasyon ak Depatman Sèvis Timoun ak Fanmi, yo detèmine l ap nan pi bon enterè elèv la pou li enskri epi ale nan lekòl nan distri kote elèv la abite nan fanmi adoptif la. Enskripsyon elèv yo nan distri kote yo abite nan fanmi adoptif la pral fèt touswit apre yo fin fè detèminasyon sa a.

Elèv Ki Lekòl Lakay yo

Elèv ki lekòl lakay yo yon fason fòmèl ka aplike pou admisyon nan Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School, depi yo respekte tout kritè politik admisyon yo. Elèv ki Lekòl Lakay yo dwe respekte menm estanda admisyon ak lòt kandida yo. Paran (yo)/responsab legal(yo) elèv ki lekòl lakay yo dwe soumèt yon kopi ***Lèt Apwobasyon Lekòl Lakay*** la siwentandan lekòl lokal la te ba yo. Lè kanè yo pa disponib, **yo dwe soumèt travay nan nivo klas yo ak yon echantiyon ki reprezante yo oswa pòtfolyo travay prensipal elèv la nan lang anglè oswa ekivalan li, matematik, syans, ak syans sosyal.**

Pwogram Dezan

Gen kèk pwogram edikasyon teknik ak karyè nan Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School ki dire dezan epi yo fèt pou elèv onzyèm ak douzyèm ane. ***Pou pwogram dezan yo, se sèlman elèv k ap antre nan onzyèm ane ki ka aplike.*** Yo detèmine disponibilite admisyon yo nan nenpòt pwogram dezan chak ane epi li ka chanje selon kantite plas ki disponib.

Aplikasyon Anreta

Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School aksepte aplikasyon pandan tout ane a. Y ap konsidere aplikasyon yo resevwa apre 8 mas yo, men aplikasyon sa yo p ap kalifye pou tiraj la. Y ap konsidere aplikasyon yo resevwa apre 8 mas yo pou admisyon selon plas ki disponib yo.

IV. Règleman Kominikasyon pou Admisyon

Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School mete yon orè aktivite sou sit entènèt li a <https://www.gnbvt.edu/admissions>, kote li bay enfòmasyon sou pwosesis admisyon an, ansanm ak lòt enfòmasyon sou pwogram li yo. Elèv yo ak fanmi yo ka mande kopi papyè orè a oswa aplikasyon an; y ap rele oswa voye yon imel bay Biwo Admisyon nan admissions@gnbvt.edu oswa (508) 998-3321 Ekstansyon 740.

Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School ofri vizit lokal li yo pou kandida ki enterese yo. Pou mande yon vizit, tanpri rele oswa voye yon imel bay Biwo Admisyon nou an nan admissions@gnbvt.edu oswa (508) 998-3321 Ekstansyon 740. Si lè yo dakò pou yon vizit fèt se pandan yon jou lekòl kandida a, Biwo Admisyon an ap bay lekòl kandida a yon konfimasyon kandida a te ale fè yon vizit pandan jou sa a. **Distri ki voye elèv yo pa ka konsidere vizit sa yo kòm absans ki pa motive.** Elèv ki bezwen transpò pou ale/soti nan yon vizit ta dwe enfòmè konseye lekòl yo. Biwo Admisyon nou an pral travay avèk lekòl ki voye elèv la pou fè aranjman pou transpò chak fwa sa aposib.

Epitou Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School pataje enfòmasyon sou rekritman ak kandida potansyèl yo atravè asanble lekòl lokal yo, Jounen Pòt Ouvè chak ane nou an nan mwa Novanm, kat postal pa lapòs bay tout elèv/fanmi klas 7yèm ak 8yèm ane nan distri ki voye elèv nou yo, piblisite, kominike pou laprès, bwochi, anons nan radyo, medya sosyal ak sit entènèt Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School sou <https://www.gnbvt.edu>.

VI. Pwosesis Aplikasyon an

Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School itilize pwosesis aplikasyon Go2CTE sou Entènèt <https://gnbvt.go2cte.org/>. Sistèm aplikasyon an disponib nan diferan lang epi yo ka jwenn aksè fasil ak aplikasyon an sou òdinatè, telefòn selilè ak lòt aparèy mobil. Anplwaye bileng nou an disponib pou sipòte fanmi ki pale yon lòt lang ki pa anglè lè yo rele oswa voye yon imel bay Biwo Admisyon an nan admissions@gnbvt.edu oswa nimewo (508) 998-3321 Ekstansyon 740, epi nou anplwaye yon pakèt konpayi ak moun pou sèvis entèpretasyon ak tradiksyon pou ede fanmi ki pale yon lang yo pa itilize souvan. Yo ka telechaje aplikasyon yo sou sit entènèt nou an sou <https://www.gnbvt.edu/admissions/> epi Biwo Admisyon nou an ofri aplikasyon sou papyè tradisyonèl pou nenpòt elèv/fanmi ki pa kapab jwenn aksè ak aplikasyon elektwonik lan. Epitou Biwo Admisyon an kominike ak tout konseye distri ki voye elèv yo pou yo ofri sipò ak asistans teknik yo ka bezwen pou ede elèv yo konplete pwosesis admisyon an pi byen.

Pwosesis Aplikasyon pou Admisyon Sezon Otòn pou Klas 9yèm Ane

Tout elèv 8yèm ane k ap viv nan distri (New Bedford, Dartmouth, oswa Fairhaven) resevwa yon kat postal enfòmasyon ak envitasyon pou Jounen Pòt Ouvè chak ane nou an pa lapòs pandan mwa novanm. *Enfòmasyon ki eksplike pwosesis aplikasyon an sou entènèt disponib sou entènèt sou <https://gnbvt.go2cte.org>.*

- **Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School ouvri pòtay admisyon an nan dat 1ye septanm oswa apeprè nan dat sa a.** Elèv ak paran/responsab legal yo ki enterese aplike nan Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School pou admisyon sezon otòn nan pou klas 9yèm ane dwe:
 - Ranpli aplikasyon an sou <https://www.gnbvt.edu/admissions>.
- Akòz kantite aplikasyon yo resevwa pou admisyon nan Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School, ka genyen plizyè seri admisyon pandan tout sezon prentan an. **Pou yo ka konsidere aplikasyon w lan pandan desizyon admisyon sezon prentan an, ou dwe depoze aplikasyon ki ranpli yo ak tout dokiman yo mande yo anvan 8 mas.**

- Yo pral konsidere aplikasyon ki ranpli yo resevwa **apre 8 mas** yo pandan pwochen seri admisyon yo jiskaske klas premye ane a ranpli (Gade nan Seksyon VIII la, Pwosesis Seleksyon pou plis enfòmasyon). **Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School aksepte aplikasyon pandan tout ane a. Y ap konsidere aplikasyon yo resevwa apre 8 mas yo, men aplikasyon sa yo p ap kalifye pou tiraj la.** Y ap konsidere aplikasyon yo resevwa apre 8 mas yo pou admisyon selon plas ki disponib yo.
- Se responsablite Konseye Pedagojik lekòl kote elèv la soti a pou l **soumèt dokiman yo mande yo pandan l ap telechaje yo dirèkteman nan sistèm Go2CTE pou chak kandida.** Dokiman sa yo gen ladan sa ki annapre yo:
 - Kanè 7yèm Ane (ane konplè);
 - Klas 8yèm Ane (de premye peryòd yo bay nòt yo);
 - Rapò disiplinè pou tou de klas 7yèm ak 8yèm ane yo; epi
 - Dosye absans yo pa eskize pou tou de klas 7yèm ak 8yèm ane yo.

Lè yo fin ranpli yon aplikasyon sou papyè, konseye pedagojik la **dwe voye** aplikasyon ki ranpli a ak dokiman yo mande yo **nan yon imel, pa lapòs oswa faks** bay Biwo Admisyon an pi vit posib. Yo ta dwe soumèt dokiman yo dirèkteman nan Biwo Admisyon an pa lapòs oswa depoze yo nan *GNBVT Admissions - 1121 Ashley Blvd. New Bedford, MA 02745*, voye yon imel bay admissions@gnbvt.edu.

Pwosesis Aplikasyon pou Admisyon Sezon Otòn nan pou Klas 10yèm, 11yèm, 12yèm Ane

Admisyon nan klas 10yèm oswa 11yèm ane depannde si genyen filyè teknik pwofesyonèl ki disponib. Y ap fini detèminasyon sa a apre lekòl dete a fini nan mwa out epi yo verifye kantite enskripsyon yo. Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School sèlman aksepte elèv nan klas 12yèm ane k ap transfere soti nan yon lòt lekòl segondè teknik pwofesyonèl pou karyè (CVTE) nan Massachusetts; epi lè genyen espas ki disponib nan zòn lekòl segondè teknik pwofesyonèl pou karyè (CVTE) a.

Elèv ki enterese aplike pou admisyon nan klas 10yèm, 11yèm oswa 12yèm ane ta dwe aplike sou Entènèt sou <https://www.gnbvt.edu/admissions>.

Elèv yo oswa paran/responsab legal yo ta dwe kontakte Biwo Admisyon GNBVT a epi fè estaf la konnen yo te aplike pou admisyon. ***Se responsablite elèv la oswa paran/responsab legal li pou l enfòme lekòl segondè li a epi mande kanè final, rapò disiplinè ak rapò prezans pou de ane lekòl anvan yo.***

Yo ta dwe soumèt dokiman yo dirèkteman nan Biwo Admisyon an pa lapòs oswa depoze yo nan *GNBVT Admissions - 1121 Ashley Blvd. New Bedford, MA 02745*, voye yon imel bay admissions@gnbvt.edu.

- ***Yo pral revize epi trete aplikasyon yo resevwa anvan 31 jiyè pou ouvèti touswit nan mwa septanm. Yo pral trete epi konsidere aplikasyon pou admisyon yo resevwa apre dat sa a selon disponiblite pwogram ki sou lis datant lan.***

Aplikasyon ki pa Konplè

Si yo resevwa aplikasyon ki pa konplè, yo pral swiv pwosedi annapre yo:

- Elèv yo ak/oswa paran/responsab legal yo ka wè estati aplikasyon yo sou sit Go2CTE a. Yo pral kode aplikasyon ki pa konplè yo kòm youn nan sa a ki annapre yo:
 - *Kòmanse, Ap tann Done Lekòl la, Enkonplè*
- Pandan ane lekòl la, sistèm Go2CTE ak/oswa Biwo Admisyon Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School pral fè konseye pedagogik lekòl lokal ki responsab pou soumèt aplikasyon an konnen aplikasyon an pa konplè epi li pral mande pou yo konplete l.
- Ant mwa jen ak mwa out, paran/responsab legal kandida a ap resevwa notifikasyon Biwo Admisyon Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School sizoka yo pa resevwa dokiman oswa si genyen yon pwoblèm konseye pedagogik lekòl lokal la pa t rezoud.
- Y ap fè tout efò anplis pou ranpli aplikasyon an atravè kontak dirèk ak konseye pedagogik lekòl lokal la, paran/responsab legal yo ak kandida a. Yo pral note efò sa yo. **Si apre karanssenk jou aplikasyon an toujou enkonplè, y ap konsidere aplikasyon an pa valab.** Siwentandan-Direktè a ka anile karanssenk jou delè a si paran an kapab montre sikonstans ki ka diminye gravite sityasyon an.

Elèv ki Retire Kò Yo

Elèv ki retire kò yo nan Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School epi ki ale oswa ki pa ale nan yon lòt lekòl segondè ka reyaplike; y ap swiv pwosedi ki nan Politik Admisyon sa a epi yo pral evalye yo selon menm kritè yo.

VII. Kritè Seleksyon

Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School enskri 565 elèv premye ane nan kòmansman chak ane lekòl.

Pwosesis admisyon an kòmanse avèk yon tiraj ki kalifye pou premye 285 plas nan klas la. Tout aplikasyon ki ranpli yo soumèt anvan 8 mas ap kalifye pou tiraj kalifye a. Yo pral administre tiraj la anvan yo aksepte elèv yo selon kritè seleksyon Komite Lekòl Distri a tabli (ki dekri pi ba a).

Elèv yo ap kalifye pou tiraj la selon kritè kalifye ki annapre yo ki esansyèl pou siksè nan yon lekòl teknik pwofesyonèl:

Kritè pou Tiraj Kalifye a: Pou kalifye pou tiraj la, yon elèv *dwe*:

1. Resevwa nòt (**70 oswa plis**) nan tout kat matyè prensipal yo (**Lang Anglè, Matematik, Syans, ak Syans Sosyal** ki soti nan lekòl entèmedyè kote elèv la soti a) epi li te pase pou ale nan lòt klas nan lekòl entèmedyè kote li soti a.
2. Demontre li pare pou antre sou mache travay la lè li genyen yon dosye prezans pou klas 7yèm ak 8yèm ane ki montre elèv la pa absan souvan (selon definisyon Depatman Edikasyon Primè ak Segondè (DESE) ki di pa dwe genyen plis pase 10% absans pandan jou lekòl yo) epi,
3. Bay yon dosye lekòl ofisyèl ki montre elèv la pa t anba sispansyon oswa yo pa t mete l deyò selon M.G.L. c 71, 37H oswa 37H 1/2, oswa yo te ba l sispansyon oswa mete l deyò pou plis pase 10 jou selon M.G.L. c 71, 37H ¾.

Yon fwa yo idantifye tout elèv ki kalifye yo, tiraj la ap fèt nan dat 15 avril 2023 oswa anvan nan yon dat distri lekòl la detèmine epi y ap voye notifikasyon bay tout kandida yo. Nan dat yo detèmine a, yo pral ofri premye 285 plas pou klas Premye Ane k ap vini an atravè tiraj kalifikasyon an.

Yon fwa yo fin fè tiraj kalifikasyon an, yo pral detèmine plas ki rete pou Pwomosyon 2028 la selon kritè seleksyon ki esansyèl pou yon elèv reyisi nan Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School jan sa a endike pi ba a.

Kritè ki annapre yo, lè yo konsidere yo ansanm, montre depi lontan yo enpòtan anpil pou yon elèv reyisi nan Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School. Biwo Admisyon an trete aplikasyon ki ranpli yo pandan yo itilize kritè admisyon ki byen kalkile. ***Y ap bay chak kandida yon nòt ki soti nan sòm nòt ki pa anba kritè ki annapre yo jan sa a endike pi ba a:***

Siksè Akademik: Maksimòm 24 pwen

| Nòt Mwayèn | Pwen pou Chak nan Kat Matyè yo | Total Pwen ki Posib |
|------------|--------------------------------|---------------------|
| 70-100 | 6 | 24 |
| 65-69 | 3 | 12 |
| 0-64 | 0 | 0 |

Pou aplikasyon pou **Klas 9yèm Ane** (admisyon sezon otòn), yo itilize mwayèn 7yèm Ane a ak premye peryòd lè yo bay nòt yo ak de nòt 8yèm Ane nan anglè, matematik, syans sosyal ak syans nan kanè lekòl lokal la.

Pou aplikasyon pou **Klas 10yèm ak 11yèm Ane** (admisyon sezon otòn nan), yo itilize mwayèn de ane lekòl anvan yo ak nenpòt trimès nan ane lekòl aktyèl la nan anglè, matematik, syans sosyal ak syans nan kanè lekòl lokal la.

Pou aplikasyon pou klas **9yèm, 10yèm, ak 11yèm Ane** (admisyon pandan ane lekòl la), yo itilize nòt nan lang anglè, matematik, syans sosyal ak syans depi ane lekòl anvan an ak ane lekòl aktyèl la jiska dat yo depoze aplikasyon an.

Prezans: Maksimòm 50 pwen

Tanpri sonje: *Nenpòt diferans ki konteste dosye absans ki pa jistifye nan lekòl kote elèv la soti a epi/oswa ki eksplike kontèks dosye absans li a dwe nan nan aplikasyon yo soumèt la.*

7yèm Ane: 20 Pwen (Chif yo reflekte tout ane lekòl)

| Kantite Absans ki Pa Jistifye | Pwen Total |
|-------------------------------|------------|
| 0-7 | 20 |
| 8-12 | 15 |
| 13-15 | 10 |
| 16-17 | 5 |
| 18+ (Absans Souvan) | 0 |

8yèm Ane: 30 Pwen (Chif yo reflekte mwatye ane lekòl)

| Kantite Absans ki Pa Jistifye | Pwen Total |
|-------------------------------|------------|
| 0-4 | 30 |
| 5 | 25 |
| 6 | 20 |
| 7 | 15 |
| 8 | 10 |
| 9+ (Absans Souvan) | 0 |

Pou aplikasyon pou klas **9yèm Ane** (admisyon sezon otòn nan), yo itilize total absans ki pa jistifye 7yèm Ane ak premye ak dezyèm peryòd kote yo bay nòt nan 8yèm ane nan kanè lekòl lokal la.

Pou aplikasyon pou **klas 10yèm ak 11yèm** ane (admisyon sezon otòn nan), yo itilize total absans ki pa jistifye nan ane lekòl anvan an ak ane lekòl aktyèl la nan kanè lekòl lokal la.

Pou aplikasyon pou klas **9yèm, 10yèm, ak 11yèm ane** (admisyon pandan ane lekòl la), yo itilize absans ki pa jistifye depi ane lekòl anvan an ak ane lekòl aktyèl la jiska dat yo depoze aplikasyon an.

Konpòtman nan Lekòl la: Maksimòm 26 pwen

Yo p ap konsidere konpòtman minè oswa enfraksyon disiplinè yon kandida nan kritè admisyon sa a. Selon 603 CMR 4.03(6)(a), "konpòtman minè oswa enfraksyon disiplinè" pou objektif politik sa a vle di nenpòt konduit yon elèv ki pa yon konduit ki merite pou yo ba l sispansyon oswa pou yo mete l deyò seolon M.G.L. c 71, 37H oswa 37H 1/2, oswa yo te bay elèv la sispansyon oswa yo te mete l deyò pandan plis pase 10 jou selon M.G.L. c 71, 37H ¾.

Y ap revize chak sispansyon oswa enfraksyon pou detèmine yon seri plizyè ensidan disiplin grav (37H ¾) ki ka reflekte sou chans pou elèv la reyisi oswa sou sekirite nan lekòl pwofesyonèl la oswa pwogram nan. Elèv ki resevwa zewo (0) pwen yo pral jwenn yon opòtinite pou eksplike epi eklèsi sispansyon yo oswa seri ensidan yo bay pèsònèl admisyon an.

7yèm Ane: 10 Pwen (Reflete tout ane lekòl la)

| Kantite Sispansyon | Pwen Total |
|---------------------------|-------------------|
| 0 | 10 |
| 1 | 6 |
| 2 | 3 |
| 3 oswa plis | 0 |

8yèm Ane: 16 Pwen (Reflete mwaye ane lekòl la)

| Kantite Sispansyon | Pwen Total |
|---------------------------|-------------------|
| 0 | 16 |
| 1 | 10 |
| 2 | 5 |
| 3 oswa plis | 0 |

Pou aplikasyon pou klas **9yèm Ane** (admisyon sezon otòn nan), y ap itilize kantite total sispansyon disiplinè selon 37H oswa 37H ½; ak/oswa seri konpòtman grav, ak konpòtman ki danjre selon 37H ¾ nan 7yèm Ane; ak premye ak dezyèm peryòd kote yo bay nòt nan klas 8yèm Ane, ki endike nan rapò disiplin lekòl lokal la oswa lekòl lokal la bay.

Pou aplikasyon pou klas **10yèm, 11yèm, ak 12yèm Ane** (admisyon sezon otòn nan), y ap itilize kantite total sispansyon disiplinè selon 37H oswa 37H ½; ak/oswa seri konpòtman grav ak konpòtman ki danjre selon 37H ¾ ane lekòl anvan ak ane aktyèl la, ki endike nan kanè lekòl lokal la oswa lekòl lokal la bay.

Pou aplikasyon pou klas **9yèm, 10yèm, 11yèm, ak 12yèm Ane** (admisyon pandan ane lekòl la), y ap itilize kantite total sispansyon disiplinè selon 37H oswa 37H ½; ak/oswa seri konpòtman grav ak konpòtman danjre selon 37H ¾ ane lekòl anvan ak ane lekòl aktyèl la jiska dat yo depoze aplikasyon an, ki endike sou kanè lekòl lokal la oswa yon anplwaye distri lekòl lokal la bay.

VIII. Pwosesis Seleksyon an

Yo asiye yon kantite total pwen pou chak kandida (Maksimòm 100 pwen) selon siksè lekòl la, dosye absans ki pa jistifye, ak konpòtman nan lekòl la. Yo endike total pwen yo nan lòd ***soti nan pi gwo rive nan pi piti***. Yo aksepte kandida ki gen total pwen ki pi wo a an premye, apre sa a yo kontinye ap pwochen kandida ki sou lis la elatriye jiskaske yo ranpli rès plas yo.

Nan ka kote nòt pou admisyon ak nòt sou lis datant yo genyen menm total pwen, y ap fè yon dezyèm tiraj ak tout kandida ki gen menm nòt yo mete nan pwosesis tiraj la. Kantite elèv yo chwazi a ap koresponn ak kantite plas ki disponib yo.

Y ap mete rès elèv yo sou yon lis datant epi y ap aksepte yo selon pwosesis ki dekri pi wo a jiskaske kantite maksimòm elèv yo genyen enskripsyon ki aksepte nan Greater New Bedford Voc Tech.

IX. Enskripsyon

Pou kandida yo kapab enskri nan Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School, yo dwe te pase nan lang anglè oswa yo fè yon nòt ki ekivalan, pase matematik oswa yo fè yon nòt ki ekivalan, epi yo te pase pou monte nan klas siperyè y ap chèche antre a nan distri lekòl lokal yo a. ***Yo p ap aksepte elèv ki pa pase nan Lang Anglè, Matematik, oswa Syans oswa ki pa fè nòt ekivalan pou matyè sa yo pou ane a epi y ap anile lèt akseptasyon yo.***

Akseptasyon ak enskripsyon nan Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School depannde si aplikasyon yon elèv konplè epi korèk.

Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School gen dwa pou l anile akseptasyon kondisyonèl nenpòt elèv, nenpòt lè, si li detèmine elèv la, paran (yo)/responsab legal (yo) elèv la, oswa distri lekòl kote elèv la soti a bay enfòmasyon ***ki pa korèk, ki pa konplè oswa enfòmasyon ki pa laverite*** pandan pwosesis aplikasyon an. Anplis de sa a, Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School, gen dwa pou l revize aplikasyon yo plis nan sitiyasyon kote kanè final kandida a reflète yon diferans enpòtan nan prezans, disiplin ak/oswa pèfòmans akademik, nan twazyèm ak katriyèm trimès nan premye enfòmasyon yo te resevwa nan aplikasyon an pou premye ak dezyèm trimès yo. Revizyon sa a ka lakòz yo re-kalkile aplikasyon an epi li posib yo ka anile akseptasyon elèv la nan Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School.

X. Revizyon ak Pwosesis Kontestasyon

Si Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School pa aksepte yon kandida, oswa yo mete l sou yon lis datant, kandida a oswa paran/responsab legal li ka mande pou Siwentandan/Direktè Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School oswa reprezantan li egzaminen desizyon sa a *nan lespas de semèn*. Paran/responsab legal la ta dwe bay lòt dokiman nan domèn yo konteste yo nan kad kontestasyon yo a. Yo ka fè demann sa yo nan fason ki annapre yo:

| Pa imel | Pa lapòs sou papye oswa livrezon nan men |
|--|---|
| Sandra Poirier sandra.poirier@gnbvt.edu | Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School 1121 Ashley Blvd. New Bedford, MA 02745 |

Siwentandan/Direktè a oswa reprezantan l pral reponn demann pou revizyon sa yo alekri epi l ap endike si y ap kenbe oswa si y ap anile desizyon sou admisyon elèv la oswa si y ap mete elèv la sou lis datant. Lè l ap fè detèminasyon sa a, Siwentandan/Direktè a oswa reprezantan l ap revize enfòmasyon ki annapre yo:

- Pakè dokiman aplikasyon elèv la
- Lèt Kontestasyon Elèv la
- Lòt dokiman elèv la oswa paran/responsab legal la bay

Siwentandan-Direktè a oswa reprezantan l dwe kenbe dokiman konsènan kondisyon espesifik admisyon yo itilize pou mete kandida yo sou lis datant oswa pou yo refize yo admisyon; epi li dwe bay Depatman an oswa paran/responsab legal elèv la dokiman sa yo si yo mande l.

XI. Antretyen Dosye yo

Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School kenbe dosye tout elèv ki aplike, ki enskri, oswa ki sou lis datant, ansanm ak nòt yo sou kritè admisyon yo (si yo itilize yo), pou fasilite analiz sistèm admisyon li a ak konfòmite ak lwa ak règleman ki aplikab yo. Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School ap bay Depatman an enfòmasyon sa yo si yo mande l.

Referans Legal:

M.G.L. Chapit 74

603 CMR 4,03

Lwa sou Asistans pou Sanzabri McKinney-Vento

ESSER

XII. Estrikti Òganizasyonèl

Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School se yon lekòl segondè teknik pwofesyonèl rejyonal. Lekòl la sèvi kominote New Bedford, Dartmouth ak Fairhaven. Li te fonde nan lane 1908 epi li te youn nan premye lekòl pwofesyonèl nan peyi a epi li genyen yon bon repitasyon akoz bon jan kalite pwogram pwofesyonèl ak akademik li ofri. Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School se yon manm akredite nan New England Association of Schools and Colleges.

Se responsablite Siwentandan-Direktè a pou l sipèvize administrasyon règleman ak pwosedi ki nesèsè pou aksepte epi enskri kandida selon Politik Admisyon sa a. Siwentandan-Direktè a bay Direktè Admisyon an enstriksyon pou l sipèvize pwosesis admisyon an.

Siwentandan Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School la se:

Michael P. Watson

michael.watson@gnbvt.edu

(508) 998-3321 Ekstansyon 275

Direktè Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School la se:

Warley J. Williams

warley.williams@gnbvt.edu

(508) 998-3321 Ekstansyon. 782

Direktè Admisyon nan Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School la se:

Jeffrey M. Caron

jeffrey.caron@gnbvt.edu

(508) 998-3321

Ekstansyon 490

Se Siwentandan-Direktè a ki nonmen manm Komite Admisyon an. Komite a gen ladan l Direktè a, Direktè Admisyon an, Direktè Egzekitif Sèvis Elèv la, Direktè Egzekitif Operasyon ak Konfòmite a, Direktè Ekite , Divèsite, Enklizyon

ak Angajman Fanmi an, ak Direktè Afè Akademik ak Edikasyon Teknik Pwofesyonèl(CVTE).
Responsablite komite a gen ladan:

- A. Respè estanda ak kritè pou admisyon jan Komite Lekòl Distri a apwouve sa a.
- B. Devlopman ak aplikasyon pwosedi admisyon yo.

ORÈ POU ADMISYON YO

| DAT | TRAVAY/PWOSESIS | |
|--|---|---|
| 1ye septanm 2023 | Pòtay pou Aplike sou Entènèt la | |
| Novanm 2023 | JOUNEN PÒT OUVÈ | Yo pral voye yon envitasyon bay elèv klas 7yèm ak 8yèm ane anvan evènman an. |
| Janvye - Fevriye 2024 | Yo afiche Nòt, Prezans, ak dosye Disiplin lekòl kote elèv yo soti sou aplikasyon elèv yo. | Lekòl kote elèv yo soti yo soumèt dosye elèv yo atravè Go2CTE pou ranpli aplikasyon an pou konsiderasyon. |
| 8 mas 2024 | Dat Limit pou Depoze Aplikasyon | Yo pral konsidere aplikasyon yo resevwa apre 8 mas 2024 yo pou seri akseptasyon nan lavni jiskaske klas premyèm ane a ranpli. <i>(Gade nan Seksyon VIII, Pwosesis Seleksyon an)</i> |
| 15 avril 2024 (Nan Dat Sa a oswa Anvan) | Tiraj Kalifikasyon | Yo pral chwazi pa chans 285 nouvo elèv k ap vini ki te soumèt yon aplikasyon ranpli epi ki satisfè kritè seleksyon yo. |
| Yo Pral Pran Desizyon sou Sa a | Afiche Kritè Seleksyon Kalifikasyon yo | Yo pral detèmine rès plas pou pwomosyon 2027 yo lè yo fini tiraj kalifikasyon an selon kritè seleksyon yo. |